

Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE KLEMANS A 29 MOUN

Pandan Prezidan Trump ak gouvènman federal la ap mennen lagè sou fwontyè nou an kont kominote imigran nou yo, Gouvènè Cuomo akòde padon pou moun yo te kondane pou enfraksyon minè yo pou yo pa depòte yo

Padon yo kontinye ansanm ak abitud Gouvènè a nan sa ki lye a defann Kominote Imigran sa enkli Premye Pwojè Nan Nasyon an Defans Libète pou ofri defans legal ak aksyon ekzekitif pou entèdi ajans eta a ak lapolis pou yo poze kesyon sou estati imigrasyon ak limite aksè ICE genyen nan batiman Eta yo

Li akòde atenyasyon pèn pou moun ki demontre remò, reyabilitasyon ak angajman yo pran anvè kominote yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te akòde klemans pou 29 moun ki te demontre evidans reyabilitasyon ak yon angajman konsiderab yo pran anvè rediksyon krim nan kominote yo.

“Pandan Prezidan Trump fèmen gouvènman federal la akòz de obsesyon l genyen pou l fè imigran yo pa rantre peyi a, New York kanpe solid nan sipò nou ap bay kominote imigran yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Mezi sa yo pral ede fanmi imigran yo rete ansanm epi se yon pa enpòtan n ap pran anvè yon New York ki pi jis, pi ekitab ak pi konpatisan.”

Padon yo

Gouvènè Cuomo jodi a te pibliye padon bay endividi sa yo pou rekonèt efò reyabilitasyon yo ak retire baryè dosye kriminel yo reprezante kont stati imigrasyon yo. Kèk pami yo ap fè fas a depòtasyon, pandan ke lòt pami yo swete kapab patisipe nan kominote yo antan ke sitwayen yon peyi ke yo rele lakay yo. Nan chak ka, yon padon pral rann soulajman ki an rapò ak imigrasyon yo vin posib, si li pa otomatik. Chak benefisyè ap byen konpòte yo, te retounen vini ede kominote ak fanmi yo nan divès fason, epi yo te demontre yon peryòd konsiderab san komèt krim, an bon sitwayen. Sa fè senkyèm fwa Gouvènè Cuomo te itilize otorite padon li genyen an pou l pwoteje moun k ap fè fas a depòtasyon yo, sa gen ladan pi resamman an Out la kote li [te akòde](#) padon pou yon moun nan menm maten li te gen odyans depòtasyon li an epi mwa Jiyè a li [te akòde](#) padon pou sèt lòt moun ankò.

Siriaco Concepcion Santana, gen 67 tan, yo te kondane l pou Posesyon Kriminel yon Sibstans Reglemante Osetyèm Degre an 1997 ak Posesyon yon Dwòg Nakotik Okatriyèm Degre an 1998 nan Manhattan. Li te mentni sobriyete li epi li pa te komèt

krim pandan 20 tan apre kondanasyon l yo, epi li te vin tounen yon relijye devwe. Mesye Santana soti Sen Domeng epi li nan pwosesis depòtasyon aktyèlman la. Yon padon pral ede l kontinye pran swen fanmi li epi resevwa swen medikal nesès li bezwen.

Gil Guillen, gen 52 zan, yo te kondane l pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwazyèm Degre an 1987 nan Bronx. Li te kòmanse pwòp biznis li nan South Carolina epi li abite la ak madanm li ak pitit fi li a, depi lè yo te imigre sot Sen Domeng pou vin Etazini. Li pa te komèt krim pandan 31 an. Mesye Guillen te ofri pifò nan tan l ap fè benevola pou rekonstwi kay ouragan ki te frape resaman yo te detwi nan South Carolina. Li pral itilize yon padon pou l ka pouswiv pwosesis demann pou sitwayènte li a.

Laith Altaee, gen 47 tan, yo te kondane l pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwazyèm Degre an 1997 nan Konte Monroe. Mesye Altaee soti an Irak epi li abite Rochester ak madanm li ak de pitit li yo. Yon padon pral ede l evite risk depòtasyon akòz kondanasyon l lan, ke li te komèt depi 21 ane pase a epi yo pa te janm arete l ankò depi lè sa a.

Socrates Brito, gen 42 zan, yo te kondane l pou Lavant Kriminèl Marigwana Okatriyèm Degre an 1996 nan Manhattan lè li te gen 20 tan. Li te sot Sen Domeng pou l vin Etazini lè li te gen 5 an sou rezidans, kòm yon Rezidan Pèmanan Legal. Mesye Brito se yon volontè aktif nan kominote li a, epi li pa te komèt krim pandan 22 zan. Yon padon pral ede l evite risk depòtasyon akòz kondanasyon li an.

John Ghedini, gen 67 tan, yo te kondane l pou Posesyon Kriminèl Marigwana Odezyèm Degre an 1982 nan Manhattan. Mesye Ghedini te fèt Omeksik epi paran l yo te Italyen, epi li te vini Etazini lè li te gen 9 an. Li te pran retrèt li apre l te travay pandan trant ane pou menm konpayi a nan New York. Yon padon pral pèmèt li mande pou yon estati imigrasyon ajiste, epi rete nan peyi kote l ap viv pandan prèske swasantan. Li te viv san l pa komèt krim pandan 36 ane ki sot pase yo.

Boaz Bag-Bag, gen 53 zan, yo te kondane l pou Falsifikasyon Mak Odezyèm Degre nan Konte Queens, kote yo te egzije l peye yon amann epi yo pa te kondane l nan prizon. Li pa te komèt okenn krim pandan 10 zan ki sot pase yo depi kondanasyon pou falsifikasyon an. Mesye Bag-Bag pa te gen okenn lòt kondanasyon avan sa. Li te fèt an Izrayèl epi li se Direktè Egzekitif Jeneral yon konpayi ki anboche plis pase 6,000 chofè nan Vil New York. Yon padon ap ede defann li kont risk pwosedi depòtasyon yo.

Dimas Acosta Ramirez, gen 64 tran, yo te kondane l pou Vòl Otwazyèm Degre an 1976, Vòl Senp an 1992 ak Lavant Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwazyèm Degre an 1997, nan Manhattan, Westchester, ak nan Bronx, respektivman. Mesye Ramirez pa te komèt krim epi li rete sòb pandan 21 ane. Li te fèt an Kolonbi, epi li aktivman fè fas a depòtasyon, malgre l ap viv isit la depi 46 zan. Mesye Ramirez se yon pastè volontè k ap pran swen pitit pitit li yo, epi li menm li gen kat timoun, twa ladan yo te sèvi nan Fòs Lame Amerikèn lan (U.S. Armed Forces). Li te mennen yon vi san komèt krim pandan 21 an.

Ricardo Bernabeu, gen 59 an, yo te kondane l pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwayèm Degre an 1986 nan Konte Monroe. Yon imigran ki soti Kiba, kounye a li ap travay kòm yon mekanisyen nan Florid, kote li menm ak madanm li ap elve timoun yo. Li pa te komèt krim pandan 32 zan. Yon padon pral ede defann li kont risk pwosedi depòtasyon yo.

Wojciech Lesniak, gen 36 zan, yo te kondane l pou Rezistans a Arestasyon ak Tantativ Itilizasyon yon Veyikil San Otorizasyon Otwayèm Degre nan Konte Queens an 2006. Mesye Lesniak te fini tretman rezidansyèl pou konsomasyon alkòl ak dwòg epi l ap travay kòm yon jesyonè nan yon sant sobriyete epi li se yon chofè pou yon pwogram rezidansyèl pou tretman toksikomani. Li pa te komèt krim epi li te viv yon vi sòb pandan 12 zan depi kondanasyon l lan. Yon padon pral pèmèt li reyaplike pou kat rezidans li an epi pouswiv pwosesis natiralizasyon.

Olive Ferguson, gen 75 zan, yo te kondane l pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwayèm Degre nan Bronx an 1991. Li pa te komèt krim ankò depi lè sa a. Madam Ferguson te fèt Jamayik epi li se yon manm aktiv nan legliz li. Li pa te komèt krim pandan 27 tan. Yon padon pral minimize risk depòtasyon pou li.

Anthony Khan, gen 66 zan, yo te kondane l pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Reglemante o 7yèm Degre an 1980 lè li te akonpaye yon zanmi l pou al vann yon sibstans reglemante epi yo te arete l pandan yon operasyon enfiltrasyon nan Bronx. Li te fèt Trinidad epi li te vin Etazini an 1971. Li se yon moun ki al legliz souvan, epi li gen madanm ak pitit, epi li te travay nan Komisyon Taksi ak Limouzin lan (Taxi and Limousine Commission) pandan 35 an. Li pa te komèt krim pandan 37 tan.

Rohan Hylton, gen 47 tan, yo te kondane l pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwayèm Degre an 1992 ak Posesyon Kriminèl Marigwana Osenkyèm Degre an 2001 ak 2003, tout nan Konte Queens. Mesye Hylton soti Jamayik epi li te sove kite pèsekisyon politik pou l vin Etazini avèk fanmi li depi 30 tan pase. Antanke yon papa ak yon gason ki trè devwe anvè fanmi li, l ap viv ak travay nan Queens kounye a. Yon padon pral pèmèt li aplike pou rekou diskresyonè pou òdonans depòtasyon li an. Yo pa te kondane l pou okenn deli oswa krim pandan 12 zan.

Ramon Vivieca, gen 40 tan, yo te kondane l pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwayèm ak Osenkyèm Degre an 1999 nan Manhattan. Li te fèt Sen Domeng epi li te vin Etazini lè li te gen 8 tan. Mesye Vivieca gen twa timoun ki sitwayen ameriken epi li se sèl moun k ap travay pou soutni fanmi li. Li travay kòm yon prestatè atizay nan Vil New York, epi li pa te komèt krim pandan 20 tan.

Manuel Vidal Antigua, gen 38 tan, yo te kondane l pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Reglemante Okatriyèm Degre nan Queens an 2007 paske l t ap vann yon ti kantite sibstans reglemante pou l te ka fè kòb pou l peye frè medikal manman l yo. Li te fèt Sen Domeng epi l ap fè fas a yon òdonans depòtasyon aktyèlman la. Mesye Antigua gen de timoun ki ameriken, li ede jere ekip sòfbòl kominote li a, epi l ap pran swen manman l ki fin granmoun. Mesye Vidal Antigua pa te komèt krim pandan 12 zan.

Doris Yeara Hutchinson, gen 74 zan, yo te kondane l pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwayèm Degre nan Bronx an 2002. Madam Hutchinson

se yon granmè ki pran retrèt li, li te fèt Sen Domeng epi papa l se yon sitwayen Ameriken men li pa te reyisi resevwa sitwayènte ameriken li menm. Li pa te komèt krim pandan 11 zan.

Kerrone Kay-Marie Parks, gen 33 zan, yo te kondane l pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Reglemante Osetyèm Degre nan Queens an 2013. Li te fèt an Jamayik, li se yon sivivan vyolans domestik, manman twa timoun ki nan tablo donè nan lekòl yo, epi li fè volontarya atan plen aktyèlman la nan yon sant swen. Li pa te komèt krim pandan senkan.

Rachel Lewis, gen 50 tan, yo te kondane l plizyè fwa pou krim dwòg ki pa twò grav ak Mefè Kriminèl nan ane 1990 yo nan Bronx. Li te fèt Rwayòm Ini epi li te vin Etazini lè li te gen 2 zan. Manman l ak timoun li yo, yo tout se sitwayen ameriken. Madam Lewis ap travay kòm konseyè pou tretman toksikomani pou ansyen prizonye ki lage yo nan Vil New York. Yon padon pral pèmèt li renouvle kat rezidans li an epi kontinye travay li. Madam Lewis pa te komèt krim pandan 13 zan.

Jeremy Grant, gen 58 tan, yo te kondane l pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Reglemante Otwayèm Degre an 2005 lè yon moun nan yon gwoup li te yon manm ladan te vann dwòg bay yon polisye an sivil nan kad yon operasyon sekre kote yo te kondane tout gwoup la nèt nan Manhattan. Li te imigre soti Jamayik epi li nan yon pwosedi depòtasyon byen long depi an 2006. Li pa te komèt krim pandan 13 zan. Yon padon pral retire obstak ki anpeche l aplike pou renouvèlman kat rezidans li an epi anpeche yo depòte l pou l pa pèdi aksè a tretman medikal nesèsè li bezwen.

Jorge Luna Torres, gen 44 tran, yo te kondane l pou Tantativ Ensandi Volontè Otwayèm Degre an 1999, paske l te mete dife nan machin yon zanmi l pa mefè. Li pa te komèt okenn krim pandan prèske 20 tan. Mesye Torres te antre Etazini sou rezidans, kòm yon Rezidan Pèmanan Legal lè li te gen 9 an. Li te resevwa yon lisans (B.A.) nan Matematik epi li te bay etidyan leson nan menm matyè sa a. Yon padon pral ede Mesye Torres lite kont òdonans depòtasyon Biwo Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn lan (Immigration and Customs Enforcement, ICE) ba li a.

Trevor Elliot, gen 67 tan, yo te kondane l pou Lavant Kriminèl ak Tantativ Lavant yon Sibstans Reglemante Otwayèm Degre ak Lavant Kriminèl Marigwana Okatriyèm Degre nan kòmansman ane katreven dis yo nan Westchester. Li te fèt an Jamayik epi li te travay nan yon òganizasyon san bi likratif ki ofri sèvis sosyal pou jèn yo epi kòm yon prestatè swen granmoun aje. Yon padon pral pèmèt Mesye Elliot aplike pou l mande sitwayènte. Li te mennen yon vi san komèt krim pandan 10 zan.

Marvin Hernandez, gen 34 tran, yo te kondane l pou Tantativ Ensandi Volontè Otwayèm Degre paske l te mete dife nan yon bwat fatra an 2006 nan Westchester lè li te gen 21 an. Pa te gen okenn blesi, epi Mesye Hernandez pa te komèt krim pandan 12 zan depi dènye ensidan sa a. Li te soti El Salvadò lè li te gen 3 zan pou l vin Etazini pou l vin jwenn paran li yo. Yon padon pral pèmèt li evite depòtasyon tounen El Salvadò, kote li pa gen okenn fanmi epi li pè tonbe viktim vyolans gang yo.

Reginald Castel, gen 45 an, yo te kondane l pou Agresyon Oprenye Degre an 1999, prèske 20 tan pase nan Rochester. Li te fèt an Ayiti epi li te vin Etazini lè li te gen 8 tan.

Li te marye epi li gen kat pitit epi yo te depòte l san preyavi an Septanm 2017. Yon padon pral pèmèt Mesye Castel aplike pou l rantrè Etazini ankò epi vin jwenn fanmi l. Li pa te komèt krim pandan 19 an.

Padon sa yo se aksyon ki pi resan Gouvènè Cuomo a pran pou sipòte kominote imigran an ak defann imigran kont atak federal yo. An 2011, li te siyen yon seri Dekrè Egzekitif (Executive Order) agrand pòte pou asire aksè a lang atravè tout ajans eta yo, pou sispann patisipasyon Eta nan pwogram federal ki egzije fòs lapolis lokal yo pou yo ede idantifye moun yo ka depòte yo, siyen lejislasyon ki kenbe antite k ap eskwoke imigran yo responsab, epi etabli yon Biwo pou Nouvo Ameriken yo. Li te lanse “NaturalizeNY” (Naturalize New York) ki se tout premye patenarya piblik-privè pou ankouraje epi ede imigran ki kalifye nan Eta New York yo nan pwosesis pou yo vin sitwayen Ameriken.

An 2017, Gouvènè Cuomo te lanse Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project), ki se yon pwogram defans legal piblik-privè Eta a dirije pou asire tout imigran yo, kèlkeswa kondisyon yo, gen aksè a bon jan kalite konsiltasyon legal. An patenarya ak founisè sèvis legal san bi likratif ki ap mennen yo, pwojè a te elaji yon fason konsiderab disponiblite avoka imigrasyon yo atravè eta a. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan yon investisman 10 milyon dola adisyonèl pou asire ke Pwojè Defans Libète a kontinye kenbe epi devlope rezo founisè sèvis legal yo ki ap bay sèvis ki enpòtan anpil sa yo an defans a kominote imigran nou yo.

Pandan ete sa a, Gouvènè Cuomo te anonse yon pwosè pou konteste politik separasyon famiyal fòse Administrasyon Trump lan ap antreprann sou fwontyè rejyon sid Etazini an. Pou pwoteje imigran kont taktik depòtasyon ki twò agresif ICE ap itilize depliz-an-pli, Gouvènè a pibliye òdonans ekzekitif ki entèdi arestasyon ICE nan etablisman eta a san manda, entèdi ajans eta a ak fonksyonè pou yo poze moun kesyon sou stati imigrasyon yo sofsi yon lwa mande sa oubyen si li nesesè pou detèmine kalifikasyon pou yon benefis oubyen sèvis oubyen revele enfòmasyon bay otorite imigrasyon federal nan objektif aplikasyon sivil.

Elizabeth Gaynes, Direktris Egzekitif Asosyasyon Osborne Association, te deklare, “Nan yon moman kote gouvènman federal la fèmen akòz demann pou konstriksyon yon mi yo ap konsevwa pou ekskli ak majinalize sila k ap chache yon meyè vi nan peyi sa a yo, konbyen li apwopriye pou se Eta New York la k ap kraze mi yo, epi k ap rekonèt enpòtans moun ki te demontre ke pase yo pa avni yo. The Osborne Association rekonesan anvè Gouvènè Cuomo paske l ap ouvri pòt pou sila ki dèyè mi sa yo, epi l ap kite pòt la ouvri pou sila yo ki sèlman vle rete epi kontinye kontribiye nan kominote nou an”.

Alisa Wellek, ki se Direktris Egzekitif Pwojè Defans Imigran an (Immigrant Defense Project), te deklare, “Lè li padone Nouyòkè imigran k ap fè fas a depòtasyon yo malgre anpil ane yo pase ap kontribiye nan kominote nou yo, Gouvènè Cuomo te itilize yon zouti pwisan pou l restore diyite moun pinisyon yo otreman pap janm fini, senpleman paske yo pa te fèt isit la. Nou atann pou nou kontinye travay ak biwo Gouvènè a ak Pwojè Klemans pou Imigran nou an (Immigrant Clemency Project) pou nou ofri imigran Nouyòkè yo yon chans pou yo lite pou yo ka rete ak fanmi yo fas a ajanda rayisab Trump lan”.

Atenyasyon Pèn yo

Jodi a Gouvènè Cuomo te atenye pèn pou sèt moun ki te demontre evidans reyabilitasyon konsiderab. Yo pral retounen nan kominote yo epi y ap ede sèvi kòm mesaj kredib ki esansyèl pou redwi krim toupatou atravè Eta New York.

Andre Jenkins, gen 52 zan, li te pase 15 zan nan yon kondanasyon yo te ba li pou ant 22 zan - a vi pou Vòl Opremye Degre. An 2005, yo te kondane Mesye Jenkins pou vòl li te fè sou twa moun nan Konte Suffolk. Yo pa te rive jwenn okenn zam yo itilize nan vòl yo prezime ki te fèt sou menas zam lan. Li eksprime anpil remò paske l te patisipe nan yon vi kriminèl. Mesye Jenkins te swiv tretman pou toksikomani epi li te resevwa yon lisans (B.A.) ak yon metriz (M.A.) pandan li te nan prizon an. Li se ko-fondatè òganizasyon Vwa ki Soti Anndan yo (Voices from Within), ki se yon gwoup k ap travay pou yo dekouraje moun patisipe nan vyolans ak zam, li te alatèt yon kanpay pou achte zam yo rekipere yo, li te prezidan Sing Sing NAACP a, epi li te kolekte fon pou rekipasyon apre Ouragan Sandy a.

Brian Masterson, gen 42 zan, li te pase 12 zan nan yon kondanasyon 18 tan yo te ba li pou sis chèf Vòl Opremye Degre. Mesye Masterson te komèt yon seri vòl nan Buffalo an 2006, kote pèsòn moun pa te blese. Li eksprime anpil remò pou krim sa yo. Mesye Masterson te resevwa Diplòm Asosye li (Associate's Degree) nan Inivèsite Kominotè Genesee a (Genesee Community College) epi li te anime yon gwoup soutyen pou ansyen konbatan ki nan prizon yo ansanm ak yon gwoup tretman pou toksikomani. Mesye Masterson te yon asistan anseyan pou edikasyon debaz pou adilt epi li se yon patisipan aktif nan Pwogram Asistans pou Jèn yo (Youth Assistance Program). Li ta renmen travay kòm yon konseye an toksikomani lè li fini konplete egzijans sa yo, men antretan li gen yon òf pou èd alanplwa li resevwa nan men yon sendika pent nan Konte Erie.

Eugene Bush, gen 52 zan, li te pase 22 zan nan yon kondanasyon yo te ba li pou ant 25 an - a vi pou Posesyon Kriminèl yon Zam Odezyèm Degre. Li te avwe li te gen yon pistolè ki pa fonksyonèl nan Brooklyn an 1998. Mesye Bush eksprime anpil remò paske l te patisipe nan yon vi kriminèl. Mesye Bush travay kòm yon komi nan yon bibliyotèk epi aktyèlman la l ap travay pou l resevwa Lisans li. Lè yo lage l nan prizon, Mesye Bush pral aksepte youn nan yon seri òf travay, ki gen ladan pòs konseye, epi l ap retounen al jwenn madanm li ki soufri yon kondisyon medikal kwonik.

Alphonse Riley-James, gen 49 an, li te pase 30 an nan prizon pou yon kondanasyon yo te ba li pou ant 50 tan - a vi, kote yo te kondane l pou Asasina Odezyèm Degre, Vòl Opremye Degre, Kanbriyolaj Opremye Degre ak Posesyon Kriminèl yon Zam Odezyèm Degre an 1988. Alaj 18 tan, li te akonpaye yon gwoup al Albany pou yo fè yon dil dwòg kote de jennonm te mouri. Byenke li te fè pati gwoup la, yo pa te akize Mesye Riley-James ke li te aktyèlman lakoz lanmò yo. Mesye Riley-James eksprime anpil remò pou pèt lavi yo. Mesye Riley-James se yon lidè nan prizon li an, kote li anseye rechèch jiridik debaz, li dirije yon klib jwèt dechèk epi li dirije yon bilten enfòmasyon sou alfabetizasyon finansyè avèk madanm li. Li te resevwa lisans li, l ap travay kòm yon komi jiridik nan yon bibliyotèk epi li fè volontarya nan yon sant pou timoun epi li travay kòm yon anseyan patikilye volontè pou alfabetizasyon adilt. Mesye

Riley-James gen sètifikasyon parajiris li epi li gen plan pou l travay kòm yon parajiris lè yo lage l nan prizon.

Roy Bolus, gen 49 an, li te pase 30 an nan prizon pou yon kondanasyon yo te ba li pou ant 75 zan - a vi kote yo te kondane l pou Asasina Odezyèm Degre, Vòl Opremye Degre, Kanbriyolaj Opremye Degre ak Posesyon Kriminèl yon Zam Odezyèm Degre, yo te kondane l an 1988. Alaj 18 tan, li te akonpaye yon gwoup al Albany pou yo fè yon dil dwòg kote de jennonm te mouri. Byenke li te fè pati gwoup la, yo pa te akize Mesye Bolus ke li te aktyèlman lakoz lanmò yo. Li eksprime anpil remò pou pèt lavi yo. Mesye Bolus gen yon lisans, ak de diplòm metriz epi li aktyèlman ap swiv pwogram doktora (PhD) nan lidèchip pedagojik. Li te anseye kou sou prevansyon kont VIH, li mennen plizyè kanpay lacharite, epi li sèvi kòm prezidan pwogram PACT-Reentry Fakilte Dwa Yale la (Yale Law School). Apre yo lage l nan prizon, li pral fini pwogram doktora li a epi aplike pou pòs anseyan.

Michael Crawford, gen 38 tan, li te pase 20 tan nan prizon pou yon kondanasyon yo te ba li pou ant 22 zan - a vi kote yo te kondane l pou Asasina Odezyèm Degre, Vòl Opremye Degre, Tantativ Kanbriyolaj Opremye Degre ak Posesyon Kriminèl Byen yo Vòlè Otwazyèm Degre. Yo te kondane Mesye Crawford pou akizasyon sa yo lè li te gen 17 tan paske li te tire sou yon moun ki te vòlè biyè konsè pou li nan Buffalo an 1999, ki te enplike nan menm gwoup dwòg la. Li eksprime anpil remò pou pèt lavi yo. Mesye Crawford se yon sivivan abi seksyèl danfans, lè li te timoun yon pastè te abize l, epi temwayaj Mesye Crawford la te esansyèl pou yo te kondane agresè l la pou 70 zan nan prizon. Depi lè yo mete l nan prizon an, le te resevwa diplòm lekòl segondè l (General Education Development, GED), lisans li nan Bard ak yon metriz nan Seminè Tewolojik New York la (New York Theological Seminary). Mesye Crawford aktif nan travay volontarya, ki gen ladan trikotaj rad pou timoun epi li òganize don pou United Way. Mesye Crawford gen yon òf travay nan men legliz St. John Baptist la nan Buffalo ke l ap aksepte apre yo lage li nan prizon.

Dennis Woodbine, gen 42 zan, li te pase plis pase 22 zan nan prizon pou yon kondanasyon yo te ba li pou ant 25 an - a vi pou Asasina Odezyèm Degre ak Posesyon Kriminèl yon Zam Odezyèm Degre pou yon ensidan ki te pase nan Brooklyn an 1998 lè li te gen 19 an. Pandan li t ap kouri dèyè yon gwoup jèn gason ki te vòlè bijou li, Mesye Woodbine te tire yon zam, epi yon inosan ki t ap pase te pran bal. Li eksprime anpil remò pou pèt lavi yo. Mesye Woodbine te resevwa diplòm lisans li nan inivèsite Mercy College atravè Hudson Link. Li se yon Modèl Asistans pou Jèn (Youth Assistance Mentor) epi li ap travay aktivman nan òganizasyon Reyabilasyon Atravè Atizay la (Rehabilitation Through the Arts), kote l ap jwe epi reyalize pyès teyat nan etablisman penitansye li a. Mesye Woodbine te nan yon dokimantè PBS, ki titre Dramatic Escape, yo te fè sou istwa reyisi RTA a yo. Lè yo lage l nan prizon, li pral travay ak Exodus Transitional Community, ki se yon òganizasyon reyensèsyon lidè, kote l a sèvi kòm yon modèl pou jèn yo, epi l ap viv ak madanm li ak bofis ak bèlfi li yo, ki rekonèt li kòm papa yo.

Sekretè Deta Eta New York la ak Ko-Prezidan Konsèy Reyensèsyon ak Reyentegrasyon (Re-entry and Reintegration Council) Gouvènè Cuomo a, Rossana Rosado, te deklare, “Objektif sistèm jistis penal la se pou yo repare mal ki te fèt yo, pa pou yo enflije pinisyon apèpetite. Yo bay Gouvènè yo pouvwa padon paske

mizerikòd konpatisan se yon eleman entrensèk nan filozofi Amerikèn lan pou gen yon tisi sosyal ki solid. Konsèp sa a ap ede nou konstwi yon avni ki pi solid ak pi pwometè pou tout moun. Mwen fyè paske Gouvènè Cuomo ap fè Eta New York l a vin yon kote nou gen chans jwenn mizerikòd”.

Anthony Annucci, ki se Komisè pa Entèrim Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision), te deklare, “Pou yon sosyete ka aji jis, alò lajistis dwe soulaje ak mizerikòb. Avèk klemans sa yo li akòde a, Gouvènè Cuomo te demontre poukisa New York se yon flanbo pou espwa ak iliminasyon”.

Anthony Thompson, ki se Pwofesè, nan Fakilte Dwa New York University School of Law, ak Ko-Prezidan Konsèy Reyensèsyon an, te deklare, “Nou dwe felisite aksyon lidèchip enpòtan sa a Gouvènè a ap fè a paske l rekonèt ke moun ka chanje. Se yon etap enpòtan pou mete fen a depandans nou sou anprizònman an mas la epi reyalize enpòtans reyabilitasyon ak refòmasyon genyen”.

Sean Pica, ki se Direktè Egzektif Hudson Link pou Ansèyman Siperyè nan Prizon an (Hudson Link for Higher Education in Prison), te di, “Nou felisite epi nou remèsye Gouvènè Cuomo paske l kwè nan efè antrènman ke ansyen prizonye ki lage yo ka genyen sou fanmi yo, kominote yo, ak nan sosyete a an jeneral. Li mande pou gen vrè kouraj ak lafwa pou egzekite pouvwa egzekitif sa a. Nou atann pou nou wè fanm ak gason sa yo, ki te travay di anpil avèk anpil devouman konsa pou yo rive fè amelyorasyon pèsònèl, pou yo demontre konbyen yo pral fè byen si yo ta ba yo dezyèm chans sa a”.

Greg Berman, Direktè Sant pou Inovasyon nan Tribinal la (Center for Court Innovation) te deklare, “Sant pou Inovasyon nan Tribinal la aplodi Gouvènè Cuomo paske l ap ofri klemans pou sila ki te demontre angajman yo pran non sèlman anvè chanjman y ap fè nan pwòp lavi yo men anvè transfòmasyon lavi lòt moun tou. Evidans yo, ki gen ladan eksperyans pwogram nou an genyen, montre ke mesaj kredib yo - ki se moun ki te enplike nan aksyon kriminèl nan tan pase yo ki te rebran lavi yo an men - ka itilize konesans yo genyen de lari yo pou yo mete fen nan reprezay vyolan yo depi avan yo rive. Ansyen prizonye ki lage yo, tankou sila Gouvènè Cuomo ap ofri klemans yo ka jwe yon wòl enpòtan nan efò pou simaye yon mesaj lapè ak rezolisyon konfli san vyolans nan kominote krim ap toumante yo”.

Kathrina Szymborski, ki reprezante Patterson Belknap Webb and Tyler, te deklare, “Nou kontan anpil paske gen de kliyan nou, Mesye Crawford ak Mesye Woodbine, ke yo te akòde klemans egzekitif ane sa a. Lè nou konsidere efò reyabilitasyon yo demontre yo, akonplisman edikasyonèl ekstraòdinè yo atenn yo, ak angajman yo pran anvè amelyorasyon kominote yo, nou fèmeman kwè ke yo pral pwospere apre yo lage yo nan prizon. Nou felisite Gouvènè a paske l kontinye konsantre sou fason pou l fè New York vanse vè lavan ak yon sistèm jistis penal ki pi konpatisan menm jan sa reflète nan atenyasyon pèn sa yo”.

Steven Zeidman, ki se yon Pwofesè Klinik an Dwa nan CUNY School of Law, te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè a paske l rekonèt epi li bay enpòtans a pwogrè kliyan nou yo, Alphonse Riley-James, Roy Bolus ak Andre Jenkins te fè yo, jan de

moun eksepsyonèl yo devni, ak tout sa yo genyen pou yo ofri nou tout lè yo soti dèyè mi prizon yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)